

# Mubereki Paanenge Achirwara

Kana amai vako kana kuti baba vako vaine chirwere chava nenguva refu chichivatambudza, pepa rino richakubatsira kuti uzive zvekuita pakuvachengeta—nepakuzvichengetawo iwewe wacho!

## 1 CHENGETA MUBEREKI WAKO

Mubereki wako ari kurwara nei?


---

Chirwere chacho chinoita kuti mubereki wako aomerwe nekuitei?

---

---

---



Pazvinhu zviri kuvaomera (kana zviripo), zvii zvaungavabatsira nazvo iwe pachako?



### ZVAVARI KUOMERWA NAZVO

---

---

---

---

### ZVAUNGAITA KUTI UVABATSIRE

---

---

---

---

**Ona kuti mabasa api epamba aunogona kuitawo**



Ndezvipi zvaungaita kuti vasanyanye kuzvidya mwoyo?

.....

.....

.....



Dzidza ‘kunzwira vamwe ngoni.’ (1 Petro 3:8) Edza kunzwisisa kuti chirwere chacho chiri kutambudza sei mhamha kana kuti baba vako. Semuenzaniso, mumwe musikana anonzi Ellen anoti: “Mumakore mashomanana adarika, pane zviitiko zvaikosha chaizvo muupenyu hwangu izvo amai vangu vasina kukwanisa kubatanidzwawo mazviri. *Kunyange zvazvo zvichindirwadza, ndinozviziva kuti amai vangu vanotonyanya kurwadziwa nazvo kundipfuura.*”



# 2 ZVICHENGETE IWEWE WACHO



“Pane mazuva andaimboswera kuchipatara ndichi-ona amai vangu uye mamwe mazuva aipera ndiri ndega kumba. Pavakazobudiswa muchipatara kuti vanoporera kumba, vaigara vakaparara nemishonga yekunyaradza marwadzo, zvekuti taitomboshaya kuti ndivo here. Kuwanira amai zvavaida panguva yavairwara nekuvabatsira kuti vasagara vachizvidya mwoyo kwakazopedzisira kwava kundio-mera chaizvo.”—Gregory.

Idambudziko ripi rakanyanya kukura *raunosangana* naro pakuchengeta mubereki wako?

---



---

Ungaitei kuti uzvichengete iwewe pachako?

ZVAUNGAITA:

---



---



---



---

ZVAUSINGAFANIRI KUITA:

---



---



---



---

Ungaitei kuti usanyanya kurwadziwa mumwoyo nemupfungwa?

ZVAUNGAITA:

---



---



---



---

ZVAUSINGAFANIRI KUITA:

---



---



---



---

Ungaitei kuti usakanganisika pane zvekunamata?

ZVAUNGAITA:

---



---



---



---

ZVAUSINGAFANIRI KUITA:

---



---



---



---

# EDZA IZVI

**Bhaibheri rinoti:** “Shamwari yechokwadi ine rudo nguva dzose, uye ihama inoberekerwa kubatsira pakunenge kuine kutambudzika.” (Zvirevo 17:17) Pasi apa, nyora vanhu vaviri vanogona kuzokumbira kuti vakubatsire.



**Bhaibheri rinoti:** “Kanda mutoro wako pana Jehovha, Iye achakutsigira. Haazombobvumiri munhu akarurama kuti azununguke.” (Pisarema 55:22) Maererano nezano iri, zvii chai-zvo zvaunoda zvaunganyengerera?

---

---

---

---



Zano

Gara uine magwaro aunoona achikubatsira. Ellen, ambotaurwa nezvake anoti: “Rimwe zuva ndakaona rugwaro rwalsaya 46:4, runoti: ‘Ndini Iye mumwe chete kunyange kusvikira munhu akwegura; uye ndicharamba ndichitakura munhu kusvikira achena musoro. Ini ndichaita chimwe chinhu, kuti ndimutakure, kuti ndimuendese uye kuti ndimupukunyutse.’ Vhesi iyoyo inondiyeuchidza kuti handisi ndega uye kuti namhamha vanguwo havasi vega. Jehovha achatibatsira kuti tikurire chero chii zvacho chatinga-zotarisa nacho.”

